Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ

№ 5
(9159)

2010 соналъул
15 январь

РУЗМАН

XIажатаб калам

ДАДА «ДЕНЕБ» ГУРО...

Гъираялда цIалана дагьаб цебегIан республикаялъул «XIакъикъат» газеталда бахъараб дирго гьудул, перо ва пикруцояв МухIамад БисавгIалиевасул **«Дада дица гуро ,нунуца»** абураб макъала.

Миллаталъухъ ракI унтаравщинав чи тIад ургъизе тIамулеб, жинда жаниб цIакъ гъваридаб магIна бугеб макъала бахъун буго газеталъ.

Дилъгоги борчIизабуна гьелъ, кьижун букIараб, намус.

Макъала цIалун хадув цо чанго жоялдаса кутакалда нечезеги нечана дун.

Мисалалъе, нечана Госдумаялде нилъеца рищарал магIарул депутатазул гъулбасазда сверухъ букIараб кIудияб ахIи-хIуралдаса..

Нечана,гьединго, Хунзахъ районалъул ТIанусиса ГIалиев МухIу какун,гьебго районалъул ГьацIалухъа ГIумаров XIажимурад, улкаялъул телеэкраназде ваккиялдаса.

Артист гурелъулха,мун XIажимурад, Имам Шамилил бищунго лебалав наибасул цIар лъурав чилъидал.

Дир пикруялда, саламатав чияс жиндирго росу, район, миллатцояв киданиги какуларо чияе.

Гьелда бан цо бицен ракIалде щвана дида...

Вехе унев рикIванисесда дандчIван вуго цо мелъелтIисев.

Гьес нижерасда гьикъун буго пуланав ГIумар лъалищин,щиб хьвадачIвадиялъул чийин гьев.

Бакълъулас цIехолев чи росулъ цо кIудияб къадрукъиматалъул чи вукIун гьечIо. БукIаниги, нижерас жаваб гьабун буго гьев кутакалда сахав инсан вугин,гьединав чи РикIванивго гьечIин.

Жинда гьев дудасаги лъикI лъалаанин,мун щив чияли лъазе бокьун букIанин гьимун вуго мелъелтIисев.

Гьелъухъего,XIажимурадица телеэкраназдаса бицинчIониги лъалаан магIарулазда МухIу ГIалиев щивали. XIажимурадица абуни,хутIаравги тIатинавуна живго халкъалда.

XIажимурад ГIумаров Госдумаялде кандидатлъун вугел цо рищиязда дица хъвараб кочIолъ рукIана гьадинал мухъал:

«Рогьалил гьуригун,гIарцул гьагьал гун,
ГьацIалухъа чапар къватIив вахъана,
Сонгицин лъидаго лъаларев чияс
Чвархъан гали лъуна Госдумаялде…»

Гьеб кечI газеталда бахъун хадуб цо-цо бакIаздаса гIайибал рачIана,

бечедав чиясул рахъ кквезегьесие гъоркьпалугьанлъи гьабизе хIадурал чагIи дагьал рукIунарелъулха, дица миллаталъул чIухIи гIадав васасда бугьтан лъун бугилан .

Живго кандидатасул инсуцаги телефоналдаса тIубараб сагIаталъ нотация цIалана бичIчIи гьечIев дие, жиндирго васасул бажариялъулги,бечелъиялъулги,гIаданлъиялъулги бицун.

Инсуда божани,гьесул васасдаса цIакъав чи Дагъистаналдани щиб гурин, жибго СНГялдацин ватизе захIмат букIана.

Дуца веццаравгIан цIакъав вукIун гьечIо гурищха, Зайирбег, дур василан абизе бокьилаан жакъа гьесда...

Лъиего балъголъи гуро политика кутакалда чорокаб,чиясул напс гIодобе ккезабулеб пиша букIин.

Цо-цояз абула рацIцIадал квераз гьабуни,гьеб бацIцIадаб букIунилан. ЛахIчIегIераб гьересиI

Кир ругел рацIцIадал кверал жакъа Россиялда- цоял бидул цIун руго, цогидал гIарцул цIун руго,цIогьодун щвараб.

ГIумруялъ рикъарилел даим ракъарал чиновникалчакъалазда гьоркьов лъимадул бадиса гирулеб магIил горогIан вацIцIадав магIарулазул тIоцевесев Президент**(кигIан нилъ урхъун рукIарал тIалъиялде нилъерго миллаталъул вакил вачIиналъухъ)** хIажат гьечIилан ахIдолел магIарулалги руго жакъа.

КъогогIан соналъ даргиязул «КIудица» нилъедаго кIутIулеб букIараб цIалги, миллаталъул матIулъун лъугьарал,амма дозие хIеличIилан,къуличIилан гIумруялдаса ратIа гьарурал анцI-анцI цIа гIадинал гIолохъабиги, коррупцияги, кланалги, хъулухъазухъ кьолел рукIарал американазул гIурччинал кагъталгигьеб кинабго нилъер щивасда щаяли хеккого кIочон буго. Химикатал журараб Дедил «Денебалде» хьуллъун ратилаха,бацIцIадаб цIорораб иццул лъим къулчIун унарого.

Тамахав вугила МухIу ГIалиевин гIарз букIуна гIемерисезул. Рази вуго нусабго проценталъ: диеги бокьилаан гьев Сайгидпаша гIадав вукIине.

Амма гьечIоха:Аллагьас гьесие батIияб хатI,батIияб пикру,батIияб, гIодобе биччараб хьвада-чIвади кьун буго. Кьварарав,гурхIел-рахIму гьечIев чи къваригIун ватани -доле вуго гури Дагъистанго сорозабулев дарги СагIид.Гьев вищеха бетIерлъун-ботIрол унтиги цIикIкIине цIер гIадин киназго досие часги кквезе-мун вукIинчIевани,нижее багIарбакъцин баккизе букIинчIин гьалмагъ ГIамировилан.

Хадуб лъалаан щивасда Аллагь вугеб бакI: нилъедаго дос лалги тIамулеб,бакIаб тIаса бищун михирги бачунеб мехалъ.

Нужеда кIочон батани, ракIалде щвезабун,гьикъулеб буго:кигIан заманалъ миллатал гIемераб Дагъистан даргъиСТАНалде сверун букIараб?

(Ахир 3-аб.гьум)

БАРКУЛА ЦIИЯБ СОН!

Баркула нужеда тIаде щвараб сон,
ГъутIбузда тIегь гIадин тIегьан бачIараб,
ТIолгодунялалда гьаракь рагIараб,
Балъхъадерил росу, росдал гIадамал.

Къварилъи ккаралъуб къолденлъун чIолел,
ГIатIилъи ккаралъур гIаданлъи бугел,
Икъбалгун, рекъелгун, рокъоб баркатгун
БачIараб батаги иргадулаб сон.

Росдал гIолохъаби, гIун бачIунеб гIел
ТIолалго умумуз гьарула нужей:
ГIакълугун камиллъи, канлъи, эркенлъи
ЦIияб сонгун цадахъ батаги рещтIун.

Тушманас хIетIе чIун бахъизе кIвечIеб,
Анкьумумуцаги рухI кьун цIунараб
ЦIунана нужеца ясбер гIадин ракь-
Ополченцал нужей, къулула бетIер.

Балъхъадерил васал, гIолилал ясал
Къолденлъун чIана нуж гулбузде данде,
Цингиги баркала дол умумузе
Жидерго гIумру кьун ВатIан цIунарал.

Радал рахъиналде, хъахIлъи балелде
Тушман щун вугилан ахIи бахъидал
КъвакIарал, кьварарал гьал ополченцаз
ЦIунана Россия, Дагъистан, Болъихъ

Наку чIван къулула нужее бетIер
Гьарула нужее сахлъигун талихI.
ГIорхъаби цIунарал къвекIал цIумазда
ЦIияб сон баркула ниж-умумуца!

А. XIАЖИЕВА,
Болъихъ росу.

ЖАКЪАСЕБ НОМЕРАЛДА

МЕСЕДИЛ КВЕРАЗУЛ УСТАР
3-аб. гьум.

ТIАБИГIИЯБ ГАЗАЛЪУХЪ РАЛАГЬУН
4-аб. гьум.

НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКАЗДА НАЛОГАЗУЛАБ ИНСПЕКЦИЯЛЪ ЛЪАЗАБУЛЕБ БУГО

Статья 22.1. Порядок государственной регистрации физического лица в качестве индивидуального предпринимателя

1. При государственной регистрации физического лица в качестве индивидуального предпринимателя в регистрирующий орган представляются:

а) подписанное заявителем заявление о государственной регистрации по форме, утвержденной уполномоченным Правительством Российской Федерации федеральным органом исполнительной власти;

(в ред. Федерального закона от 23.07.2008 N 160-ФЗ)

б) копия основного документа физического лица, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя (в случае, если физическое лицо, регистрируемое в качестве индивидуального предпринимателя, является гражданином Российской Федерации);

в) копия документа, установленного федеральным законом или признаваемого в соответствии с международным договором Российской Федерации в качестве документа, удостоверяющего личность иностранного гражданина, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя(вслучае,если физическое лицо, регистрируемое в качестве индивидуального предпринимателя, является иностранным гражданином);

г) копия документа, предусмотренного федеральным законом или признаваемого в соответствии с международным договором Российской Федерации в качестведокумента,удостоверяющего личность лица без гражданства, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя (в случае, если физическое лицо, регистрируемое в качестве индивидуального предпринимателя, является гражданином Российской Федерации, не содержит сведений о дате и место рождения указанного лица);

е) копия документа, подтверждающего право физического лица, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя, временно или постоянно проживать в Российской Федерации (в случае, если физическое лицо, регистрируемое в качестве индивидуального предпринимателя, является иностранным гражданином или лицом без гражданства);

ж) подлинник или копия документа, подтверждающего в установленном законодательством Российской Федерации порядке адрес места жительства физического лица, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя, в Российской Федерации (в случае, если представленная копия документа, удостоверяющего личность физического лица, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя, или документа, подтверждающего право физического лица, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя, временно или постоянно проживать в Российской Федерации, не содержит сведений о таком адресе);

з) нотариально удостоверенное согласие родителей, усыновителей или попечителя на осуществление предпринимательской деятельности физическим лицом, регистрируемым в качестве индивидуального предпринимателя, либо копия свидетельства о заключении брака физическим лицом, регистрируемым в качестве индивидуального предпринимателя, либо копия решения органа опеки и попечительства или копия решения суда об объявлении физического лица, регистрируемого в качестве индивидуального предпринимателя, полностью дееспособным (в случае, если физическое лицо, регистрируемое в качестве индивидуального предпринимателя, является несовершеннолетним);

и) документ об уплате государственной пошлины.

Статья 22.2. Порядок внесения изменений в сведения об индивидуальном предпринимателе, содержащиеся в едином государственном реестре индивидуальных предпринимателей

1. Для внесения изменений в сведения об индивидуальном предпринимателе, содержащиеся в едином государственном реестре индивидуальных предпринимателей, в регистрирующий орган представляются:

а) подписанное заявителем заявление о внесении в единый государственный реестр индивидуальных предпринимателей изменений по форме, утвержденной уполномоченным Правительством Российской Федерации федеральным органом исполнительной власти;

(в ред. Федерального закона от 23.07.2008 N 160-ФЗ)

б) копия документа, подтверждающего изменение ранее внесенных в единый государственный реестр индивидуальных предпринимателей сведений об индивидуальном предпринимателе.

Статья 22.3. Порядок государственной регистрации при прекращении физическим лицом деятельности в качестве индивидуального предпринимателя

1. Государственная регистрация при прекращении физическим лицом деятельности в качестве индивидуального предпринимателя в связи с принятием им решения о прекращении данной деятельности осуществляется на основании представляемых в регистрирующий орган следующих документов:

а) подписанного заявителем заявления о государственной регистрации по форме, утвержденной уполномоченным Правительством Российской Федерации федеральным органом исполнительной власти;

(в ред. Федерального закона от 23.07.2008 N 160-ФЗ)

б) документа об уплате государственной пошлины;

в) документ, подтверждающий представление в территориальный орган Пенсионного фонда Российской Федерации сведений в соответствии с подпунктами 1 - 8 пункта 2 статьи 6 и пунктом 2 статьи 11 Федерального закона “Об индивидуальном (персонифицированном) учете в системе обязательного пенсионного страхования” и в соответствии с частью 4 статьи 9 Федерального закона “О дополнительных страховых взносах на накопительную часть трудовой пенсии и государственной поддержке формирования пенсионных накоплений”.

(пп. “в” введен Федеральным законом от 19.07.2007 N 140-ФЗ, в ред. Федерального закона от 30.04.2008 N 55-ФЗ)

Налогазулаб инспекциялъул лъазаби

Киналнигиналогазулаб инспекциялдаса предпринимателазулаб документ босарал

–тукенчагIаз

-базаралде рахъун къай бичулез

-заправщиказ

-строительниял ва бытовыял хIалтIаби гьарулез

-кустарзабаз

-машинабазда пассажирал раччулез ва цогидалги хIалтIаби гьарулез

Налогазулаб инспекциялде щибаб кварталалъ налогазулаб декларация кьезе ккола квартал лъугIун тIасияб моцIрол 20-абилеб числоялде.

Декларациял кьезе рачIине ккола жалго предпринимателал, кодор хадур рехсарал документалгун:

-паспорт

-ИНН босараб свидетельство

-предпринимателасулаб хъвай-хъвагIай гьабураб свидетельство

-книга учета доходов и расходов

-цереккун налог жаниб кьурал квитанцияби.

2. Хадубги лъазабулеб буго 01-себ маялде щвезегIан декларацияби кьезе ккола хадур рехсарал предприним ателал гурел гражданаз:

-кинаб бугониги 2009-абилеб соналъ жидер бетIергьанлъиялда бугеб къайкъоно, продукция бичун гIарац щвараз;

-кIиго батIияб бакIалда учреждениязда-организациязда хIалтIун мухь-хайир щвараз;

-арендаялъе мина-карт, транспорт-техника кьун доход щвараз;

-адвокатал-нотариусаз.

Декларациял компьютералде жанире рачине ккола ва кинал ругониги гIужда кьечIел баянал хисизарунги бажаруларо.

Жиндир заманаялъ декларациял кьечIезда налогазулаб ва административияб кодексазда рекъон гIакIаги тIад лъола.

Гьединлъидал хех гьабе декларация кьезе.

ДАДА «ДЕНЕБ» ГУРО...

(Авал 1-гьум.)

КигIан кутакалда нилъеца керен буханиги, бищун кIудияб миллаталъул вакилзаби, Имам Шамилил ирсилал ругилан нилъ эхе-эхеде кIанцIаниги,ахираб къого соналъ Дагъистаналда нилъер цIайи букIинчIо.

Цо дагьавниги яхIги, бахIарчилъиги, миллаталъухъ рекIел бухIиги бугев чиясе бетIер борхизе рес кьечIо доз.

Нилъеда-чIагого хварал магIарулазда, рикIкIенцин къосана политикиял къурбаналлъун ккарал ва къаникь рукъарал нилъерго миллаталъул гьайбатал васазул.

Сулейманов МухIамадидаса байбихьун **ГIадилгерейиде** щвезегIан чан ярагьунев чи камурав магIарул миллаталъе? Гьелдаса хадубги цо-цо «магIарулал» дозие хъулухъалда, дозул цIаялъул хинлъи цIехолел рукIуна.Цо пуланаб къоялъ цIадул бухIараб хIенехI жидедагоги щвезегIан.

Щай,дида,бичIчIуларо,
ЧIухIарал мугIрул васал
Даргъистаналда жакъа
Лъабиде рикьун ругел:

Цоял долгун рекъарал-
РакъунгутIизе гIоло,
Цоял ричун росарал-
Чадил кесекги рехун

Лъабабилел…къуркьичIел
Къанабакье ана Дол,
Жидер къадру-асс цIунун,
КъабихIлъи хIехьечIого….

ГIицIго 3-4 сон буго магIарулаз бетIер борхизе байбихьаралдаса. ЦохIо магIарулаз гуребги, цогидалги ракIбацIадал дагъистанияз. Щай? Щай гурелъул тIалъиялде ракIбацIадав,рекIелъ хъантIиги хъурмилаб гIамалги гьечIев чи ккун вукIиналъ.

Цеве министрлъун тIамулев чиясухъан тIалаб гьабулаан I50 азарго доллар.Тарих хисулаан министерствоялъул кIваралъухъги, гьенир жанир сверулел гIарцулал сурсатазул къадаралъухъги балагьун.. Гьединалго кьариял багьаби рукIунаан бокьарал цоги хъулухъазухъги.

Гьереси-битIараб щибха лъалеб,абулаан «мудрецасул» гIемерал кандидатал рукIунаанила рищватги кьун «повышениязухъ» балагьун чIарал. Цо-цоязул сабру саназги халат бахъунаанила, Дедас маневрал гьаризегIан. ГIарац нахъе кьейилан «кIудиясухъе» ине кIолев бахIарчиги щивха вукIинев? Гьеб мехалда пакъир букIаралдасаги ватIалъилаан.

Къокъаб хIасил. Дедас Дагъистанго аукционалде свеpизабун букIана. Жакъа расценкабазул хабар тIагIана. Цоги чиновниказул иш лъаларо, Президентас рищват тIалаб гьабулин абураб жо рагIичIо.

Гьедин бугониги, кIалдиб полоп бан нилъецаго какула нилъерго президент.

МукIурлъизе ккола, гьеб нилъецаго нилъго хIачIолъи, хIалае гурел, кIвараб-бажарараб квалквалквекIен цоцазе гьабизе лъугьин, кигIан къадруявги нилъерго чиясде гъегъ базе журай гIадал жал магIарулазул бидулъ руго.

Нилъ рашуларо дунялалдаго машгьурав политик **Рамазан ГIабдулатIиповасда**,нилъее данде кколаро Россиялъул БахIарчи **МухIамад ТIолбоев** нилъеца гьабуларо букIине кколеб адаб-хIурмат гьабуларо, тIолалго миллатаз жидер къадру-къимат гьабулел, **Суракъат Асиятиловасул, Шамил ГIалиевасул, ХIамзат ХIамзатовасул.**

ХIатта **СагIид-афандиясде** рагIи абулел магIарулалги дандчIвала. **Сайгидпаша, Сайгид Муртазалиев, ХIажи МахIачев** гIадал чагIи чияр миллатаз хъатинир лъун хьихьула. Нилъеразго бандиталила, рэкеталилан абула. Цогидазул дол малаикзаби ругел гIадин.

Гъобго Думаялде рищиял ругеб заманалда, гIемерал магIарулалги къезарун,**Надир Хачилаев** депутатлъун вищидал , «Надиршагьас магIарулал щущахъ риххизари» абураб кечI хъван букIана дица.

Иргадулаб пресс- конференцияги тIобитIизе,тIубараб ханлъиялда вугев жиндир рахъалъ рагIи абизе кIварав мухбирги вихьизе магIарул редакциялде вачIарав Надирида цадахъ ,гьай-гьай, гьесул охранаги букIана.Гьезда гьоркьов вукIарав, дир кIигогIанасеб залимаб къаркъалаялъул цо магIарулас дие бадибчIвай гьабуна дуца гьеб кечI кутакалда мекъи хъван бугилан.

Дун гьесул залимаб къаркъалаялдаса гьеб къоялъ цIакъ нечана. Лъие-лъиеги кьолеб щайдай БетIергьанас гьадинаб щват бугеб лага-черхилан шайтIанияб пикруцин рещтIана рекIелъ.

Дица гьесда абуна:

- Валлагь, гьудулав чи, живго Надиридацин рихун батиларо дудагIан гьеб иш.Миллаталъего кIвар бугеб кIудияб гъалатI биччарав чиясда гIадин кIалъалев гьечIиш мун дида?Гьеле гьев мун гIадал магIарулал рукIиналъ инжилъун буго жакъа магIарул миллат. Амма,талихIалъ ,камулел гьечIо Гьидалъа Суракъат гIадалги.Гьев,нилъедаса гIемерго ригьалъги яхIалъги кIудияв чи, унго-унгояв магIарулав редакциялде щвезегIан вачIана, гьеб кочIохъ баркалаги кьун, дир квер бачине. «Мунищ гьав ГIандийский абулев чи. Баче лъачи цо квер. Бихьинчи вуго мун»,-иланги абун,къахIан квер босана гьес дир. АнцI-анцI сонал аниги, дир рекIее хинлъи кьезе буго гьев чIухIарав магIаруласул бихьинаб каламалъги ургуялда чанги чиясул черх зурараб къвакIараб кверал ъги.

Мун вукIа,хважаинасе мутIигIаб гьве гIадин, мунго гIадав чиясул черх цIунулев, капказе гIоло.

Гьелдаса нахъе чанги вихьулаан дида гьев, вихьизе рокьукъав, вахьна. Амма, кигIан урхъаниги,Суракъат телевизоралдаса гурони тIокIав вихьичIо…

Щуго кандидат вуго жакъа Президентлъиялде вихьизавун.БисавгIалиевас абухъе, вихьизавизе тIадал нилъер депутатаз гурев,грызловазги, медведазги,медведевазги.

Щайха гьедин ккараб?

Москваялъул кIалдире балагьизе кидаго букIунеб кIудияб гъираялъ, дол разияб хIалалъ хьвадизе, битIун абуни ,накабазда хъурщизе бокьиялъ.

Щугоязда гьоркьоса ункъояв нилъер миллаталъул вугониги , рекIелъ хIинкъи буго, гьакIкIан кIалгун гьелги тун, цо даргияс кьололадай Дагъистаналъул политикияб чуйилан.

Риидал борохь бихьарав хасало гIарщикьаги хIинкъулин абухъего, гьединал жал гIемер рихьиялъин, хириял ракьцоял,ракIцоял, дун хIинкъун вугев.

Мунагьалъулъ ккогегиян абе,амма нилъерго депутатазда божуларого вуго дун тIоцебесеб иргаялда.Лъозда,гъозда,дозда берцин рихьизе жал гьез гьариладаян.

Узданзабийилан керен борлълъаниги щиб,каранда ракIги рекIелъ пикруги лагъзадерил бугони.

БисавгIалиевасул васас «Дада дица гуро,нунуца…»,-йилан абулебго гIадин,я БетIергьан Аллагь бачIагиха нилъер лъималазги «Дада,»Денеб» гуро дие ,дангъура цIун цIорораб ицIул лъим гьекъезе бокьун буго»,-ян абулеб заман.

Амин.

Аллагь гурхIаги нилъеда.

ГIумахан ГIАНДИЙСКИЙ.

МЕСЕДИЛ КВЕРАЗУЛ УСТАР

Инсанасул гIумрудул нахъ тараб нухалъул бицуна гьесул гIамалалъул лъикIлъиялъ, гьес гIадамазе гьабулеб кумекалъ ва гьесул махщелалъ.

Гьединав инсан вугин абизе бегьула АнсалтIа росулъа ТIагьиров ГIумар.

Жакъа гIадинаб гIаданлъи тIагIараб, гIадамазул цоцада регIи гьечIеб, инсанасул рухIияб рахъ мукъсанлъараб заманалъ ГIумар гIадав инсан вукIин кIудияб рохел ккола росдаего.

Кидаго гьес тIаса бищичIо бигьаяб нух. ГIолохъангоги, пачалихъалъул ахIиги къабул гьабун, ячун жиндирго хъизан ХIавагун гьев ана ЧIикIаб ГЭС базе.Гьеб бан лъугIун хадув, тIад вуссун вачIана жиндирго гIагараб росулъе.

Жанив вукIине рукъ букIинчIо гьесул росулъ. Мина базеги гьес тIаса бищана лъиениги квалквал гьечIеб, боцIуе мунпагIат босизе хIажалъи гьечIеб бакI.

Гьелъги бицуна нилъеда инсанасул ракIалъул бацIцIалъи, тIадегIанлъи, хъантIи гьечIолъи. Гьелдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан хIалтIулев вуго школалъул хинлъи чIезабулеб котельниялда. Гьелъул гуро бицине бокьун бугеб. Гьес гьеб хIалтIи ракIбацIцIадго гьабула.

Буго гьесул цогиги рахъ бетIергьанас кьураб: ракIалъул гIатIилъиги, кверзул махщелги. Чайник къачIазе кканиги, нус, гIащтIи чархида кквезе кканиги росдал гIадамал рекерула ГIумарихъе. Жегиги дида рагIинчIо, гIадамазул ракI хвезабизе бокьуларев, махсаро гьабун гурого инсанасде кIалъаларев, киназулгогун гIамал-хасият рекъезабизе лъалев гьес, лъималаздаса байбихьун кIудиязде щун цониги чиясе инкар гьабулеб жиндихъего кумек гьарун рачIаразе.

Гьединаб гIамал-хасият гьесие щун батила, жиндирго эмен, ансадерил ЦIадаса ХIамзат, киназего хириявги вукIарав, росдалго мугIалим, мунагьал чураяв ТIагьир ШагIбановичасдаса Жиндиего инсуца кьураб гIадаб тарбия ГIумарицаги хъизан ХIавацаги кьуна жидерго лъабалго лъималазеги

Школалъул коллективалъулги, лъималазулги, росдал гIадамазулги рахъалъан кIудияб баркала буго гьесие

Аллагьас гьесиеги гьесул хъизаналъеги кьеги сахлъи ва халатаб гIумру

Зайнудин ГIИСАЛАЕВ,
АнсалтIа гьоркьохъеб школалъул мугIалим.

ГЪУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:
Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители:
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

РЕДАКТОР
ГI. ГIУМАХАНОВ

Жавабияй секретарь
З. ГIумарова

Отделалъул редактор:
Ш. Лабазанов

Мухбирзаби:
М.ГъазимухIамадов
П. Чупалаева
П. Дибирова

Корректор:
П. МухIамадова

Фотокорр.
Ш.МуртазагIалиев

Наборщица
П. Эльдарова

Верстальщица
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.
Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.
Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

ТIАБИГIИЯБ ГАЗАЛЪУХЪ РАЛАГЬУН

Дагьаб цебе ДРялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Р. ГъазимухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана росабалъе тIабигIияб газ бачиналъул программа тIубазабиялъе квербакъиялъул штабалъул данделъи.

Гьелда гIахьаллъана цо-цо министерствабазул, ведомствабазул, проектазул организациязул вакилзаби, муниципалиял гIуцIабазул бутIрул. Аслияб гара-чIвари гьабуна Болъихъ ва ЦIумада районазул росабалъе газ бачиналда тIасан.

Данделъиялда бихьизабуна 2009 соналда росаби газалдалъун хьезариялъул тадбирал гIумруялде рахъинариялъе цо-цо хIалтIаби гьарунилан. Масала, хIадур гьабун буго Дахадаев районалъул цо-цо росабалъе газ бачиналъе проект. Хьаргаби районалъул КIикIуни росулъ кIиго километралъул гIаммаб манзилалда лъун руго турбаби. Гьединабго хIалтIи 1,4 километралъул манзилалда гьабун буго Хасавюрт районалъул Костек росулъги.

Хунзахъ районалъул 36 ва Казбек, Гумбет районазул 27 росулъе газ бачиналъе гьарун лъугIун руго проектазулгун цIех-рехалъул хIалтIаби. Гьел районал газалдалъун хьезариялъе биччан буго 42,1 миллион гъурущ. Гьелдаса Хунзахъ районалъе-21,1, Казбек районалъе-12 ва Гумбет районалъе-9 миллион гъурущ.

Гара-чIвари ккана проектазул камиллъиялда тIасанги. Хунзахъ районалъе ругел тIолалго проектазул экспертизаялъул управлениялъ хал гьабун буго. Гьезулъ тIатинарун руго хехго лъугIизаризе кIолел гIунгутIаби. Цогидал районазул росабазул жанисел проектазул цо гурони экспертизаялъ щвалде щвараблъун рикIкIун гьечIо.

Болъихъ ва ЦIумада районазул къого росулъе газ бачиналъе хIалтIи гьабулеб буго. Амма Болъихъ-Агъвали газалъул мухъ бачиналъул иш гурони «Дагъавтодоралда» дандбан гьечIо. Газалъул мухъал ине ккола нух чIван. Болъихъа Муни росулъе газ бачиналъул иш жеги «Дагъавтодоралда» дандбан гьечIо. Гьединаб хIалалъ росаби газалдалъун хьезариялъул программа тIубазабиялъе квалкквалги гьабулеб буго.

Р. ГъазимухIамадовас Промышленносталъул министерствоялда тIадкъана «Дагъавтодоралъулгун» цадахъ гьединал квалквалал хехго лъугIизаризе. Нухазул рагIа-ракьандасан газалъул рогIрал лъеялъул масъала тIубазабизе ккола «Газпром» гьоркьобе цIачIого, нилъецаго. Нилъеда тIадаб буго росаби газалдалъун хьезариялъе гьарулел хIалтIабазе лъикIал шартIал гIуцIизе. Гьес бихьизабуна газ бачиналъул программа коммерциялъулаблъун кколилан. Гьеб ккола социалияб проект ва гьеб тIубазабиялъе рес бугебщинаб гьабизе, гьединго росабалъе газ щвезабизе ккола.

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

25 декабря 2009г. №59

с. Ботлих.

О повышении ответственности руководителей организаций, глав сельских поселений за состояние делопроизводства и архива в подведомственных организациях в свете Закона РД «Об архивном деле в РД»

В целях повышения ответственности руководителей за состояние делопроизводства, ведения архива и обеспечения сохранности архивных документов в подведомственных организациях в свете Закона РД «Об архивном деле в РД» и Постановления Правительства РД от 02.02.2007г. №29 «О состоянии и мерах по обеспечению сохранности архивных документов в министерствах, ведомствах Республики Дагестан и муниципальных образованиях» администрация района **постановляет:**

1. Рекомендовать всем организациям, главам сельских поселений обеспечить приведение в порядок всех документов в подведомственных организациях
2. Обратить особое внимание руководителей организаций, глав сельских поселений на обеспечение сохранности документов по личному составу.
3. Руководителям организаций главам сельских поселений руководствоваться в своей работе Типовой инструкцией по делопроизводству в федеральных органах исполнительной власти, обновить номенклатуры дел при необходимости, и ввести их в действие.
4. Утвердить график приема-передачи документов на муниципальное хранение согласно приложению.
5. Редакции районной газеты «Дружба» опубликовать данное постановление.
6. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на зам.главы администрации по общественной безопасности Абдулдибирова А.М. и начальника архивного отдела администрации Алиеву П.Б.
7. Информацию о ходе выполнения данного постановления заслушать в апреле и сентябре 2010года.

Глава администрации Л . Балдугов.

Приложение к постановлению № 59 от 25.12.2009г.

ГРАФИК
Передачи документов на муниципальное хранение

1.МО «Сельсовет Рикванинский»	февраль	27 ---------- 2001-2006гг.
2.МО «Селение Кижани»	февраль	23 ---------- 2001-2006гг.
3.МО «Сельсовет Чанковский»	февраль	24 ---------- 2001-2006гг.
4. МО «Селение Инхело»	февраль	23 ---------- 2001-2006гг.
5. МО «Селение Тлох»	февраль	25 ---------- 2001-2006гг.
6. МО «Сельсовет Шодродинский»	февраль	25 ---------- 2001-2006гг.
7. МО «Сельсовет Хелетуринский»	март	28 ---------- 2001-2006гг.
8. МО «Селение Гагатли»	март	28 ---------- 2001-2006гг.
9. МО «Сельсовет Ансалтинский»	март	25 ---------- 2000-2006гг.
10. МО «Селение Кванхидатли»	март	17 ---------- 2000-2006гг.
11. МО «Сельсовет Годоберинский»	Март	21 ---------- 2002-2006гг.
12. Райком профсоюза работников Образования и науки	апрель	17 ---------- 2002-2006гг.
13. Редакция газеты «Дружба»	май	15 ---------- 2003-2006гг.
14. Ботлихское МОУ «БСШ №1»	июнь	11 ---------- 1962-2006гг.

Разработать номенклатуры дел и представить на согласование в муниципальный архив:

Финансовое управление МФ РД в Ботлихском районе-февраль
МАУ «ГТРК» - май
Совет ветеранов войны и труда - май
УО ПФР по РД в Ботлихском районе - июнь
ГУП «Ботлихлес»-июнь
Филиал ГУП «Дагтехинвентаризация» в Ботлихском районе-июль
Мировые судьи, суд участковый №111, №45-январь